

Reyalite sou Pinèz Kabann epi Èd ** 10 Etap Solisyon**

“Pinèz Kabann” (Cimex) **gave fasil** nan ataje mèb dezyèm men ak lòt bagay ezyèm men.

“Pinèz kabann” (Cimex) **ka elimine** si’w swiv etap ki detaye la a.

KISA OU DWE SIVEYE:

- * Tach wouj: sou po ki pa kouvri pandan w’ap dòmi
- * Koulè: mawon, wouj oubyen klè
- * Gwosè: jiska _ pouz oubyen 0.5 santimèt
- * Ki kote: sere nan mèb, kabann, mi oubyen planche pandan jounen.
- * Siy: Tach san sou kabann oubyen mi.

PA ITILIZE PESTISID SOU KÒ’W OUBYEN LAKAY OU.

PESTISID POU KONT LI PA KA REZOUD PWOBLEM SA A.

SI’W ITILIZE PESTISID LAKAY OU OU KA PWAZONNEN TÈT OU AK PITI OU YO.

RELE POU’W MANDE ÈD SAN PÈDI TAN

**Depatman Sante Vil Somerville la nan
(617) 625 - 6600 x 4300**

Mande pou yo ede’w oubyen kite yon mesaj.

Reyalite sou Pinèz Kabann epi Èd (HAITIAN CREOLE)

Pinèz ki fin devlope (foto agrandi)



www.thesahara.net/bed_bug.htm

Vrè gwosè pinèz ki fin devlope



www.thesahara.net/bed_bug.htm

Ti pinèz fenk fèt ak attach papye



www.psu.missouri.edu/entomology/housebugs/images.fleasicebugs.htm

Ensèk sou paye journal



www.tampere.fi/ytoteto/yva/tehtava/luonto/ihsyo.htm

**Dokiman sa a ki te tradwi a
disponib gras a koutwazi
Cambridge Health Alliance.**

KONSÈNAN ‘PINÈZ KABANN’ (Cimex):

- * Ensèk ka viv plis ke 1 nan san yon repa san.
- * Yo viv jiska 4 an
- * Femèl yo ponn ze chak jou epi ze yo kale apre youn ou de semen; pandan vi femèl la li ponn jiska 500 ze.
- * Yo pa ka reziste pou yo viv nan chalè ki depase 120 degre pou plis ke kélke e’d tan
- * Yo viv nan kay la ak nan mèb, PA sou kò moun

KOTE POU’W CHÈCHE:

Pandan lajounen ‘Pinèz Kabann’ (Cimex) kache nan kote ki fènwa yo.

- * Dra yo, blankèt, matla yo, bwat kabann yo, tèt kabann.
- * Planche yo, mi yo, pòt yo, fenèt yo, mèb an bwa, dèyè limyè/ plak nan mi arebò plòg yo, dèyè papye ki kouvri mi yo, rido yo/ gwo rido, kote ki kase/twou, mèb ki gen kousen, dèyè foto yo.

* Pandri, sak yo, rad, tiwa yo, vye liv yo, paye.

PA ITILIZE PESTISID SOU KÒ’W OUBYEN LAKAY OU.

PESTISID POU KONT LI PA KA REZOUD PWOBLEM SA A.

SI’W ITILIZE PESTISID LAKAY OU OU KA PWAZONNEN TÈT OU AK PITI OU YO.

RELE POU’W MANDE ÈD

Si’w sisplèk oubyen rekonè yon ‘pinèz kabann’:

Depatman Sante Vil Somerville la nan

617-625-6600 x 4300

Mande pou yo ede’w oubyen kite yon mesaj.

www.ci.somerville.ma.us/Department.cfm?dept=11
City of Somerville, MA Health Department 6/2005

LOKATÈ

HC

*** KISA W DWE FÈ - 10 ETAP***

1. Kontakte imedyatman mèt kay lan oubyen Somerville Health Department (Depatman Sante Somèvil)

617-625-6600 x 4300.

Oganize w pou bon jan enspeksyon alawonbadè kote bêt yo ye a ak zòn ki sispèk yo pa enspektè oubyen yon ajan pwofesyonèl lisansye avan ou trete kay lan.

Yon ajan pwofesyonèl lisansye dwe anboche pa pwopriyèt oubyen mèt kay lan. Kôm daprè lwa MA.

Kalkile jou sa lakay ou an pral trete an nan pale avèk mèt kay lan epi apre sa ANVAN kay ekstematic.

OU PRAL BEZWEN:

- Sachè fatra ki fò ki gen bann pou mare yo
- Machin pou lave ak pou seche (gwo chalè)
- Vakyòm ki gen sak ke'w ka jete
- Kouvèti matla ak zorye an plastik ki gen zip ladan yo

KONPLETE ETAP SA YO NAN JOU Y'AP DETWI BÈT YO YON SÈL FWA, YON SÈL JOUNEN.

2. KOLEKTE TOUT BAGAY AN TWAL NAN SACHÈ. Kolekte epi retire tout bagay ki fèt an twal epi ki ka lave (zòrye, dra, rad, tapi, rido, sèvyst) soti nan tout pyès ki gen nan kay la (pandri, chanm, salon, twalèt, kwizin). Mete yo nan sachè fatra epi mare sachè yo.

3. RETIRE sachè yo ki soti nan kay ou a.

4. LAVE EPI SECHE SOU CHO epi MARE. Lave tout bagay yo nan dlo cho nan machin a lave a. mare sache fatra yo epi jete yo. Seche tout bagay yo nan nivo cho ki pi wo a nan machin a seche a. Mete bagay pwòp yo nan sache ki nèf, ki poko sèvi epi mare yo. Pa pote sache pwòp yo ki genyen lesiv pwòp yo nan kay la pa avan ke yo fin ekstèmine kay la.

5. VAKYÒM TOUT KOTE ak yon vakyòm ki ka rale bagay byen (tout mèb, matla, atè, mi yo, ti twou nan kay la yo, chofaj machin yo, moso planch ki anba bagay nan kay la, ankadreman foto, etc....).

6. JAN POU'W JETE SAK VAKYÒM NAN. Mete sak vakyòm nan nan yon sache fatra san pèdi tan, mare epi jete'l nan yon bwat pou kolekte fatra deyò biling nan.

7. DETWI EPI JETE BAGAY KI ENFESTE YO ak mèb ke ou deside jete. Prevni pou moun pa sèvi avè yo ankò. Lè'w jete mèb, mare'l nan plastik, kraze li, rache'l ak sizo, ak/oubyen gaye sòs tomat sou li, dekwa pou pèsonn pa pran li nan lari a, epi pote ensèk nan yon lòt kay.

8. EKSTÈMINATÈ PWOFESYONÈL KI GEN LISANS yo trete kay ak mèb.

9. FÈMEN MATLA AK ZÒRYE YO. fèmen matla ak zorye yo nèt nan kouvèti an plastik ki gen zip. Kite yo fèmen pou 1 nan.

POTE BAGAY PWÒP YO NAN KAY LA. Pote bagay pwòp yo lakay ou.

10. PWOTEJE PYE KABANN YO AK MÈB. Mete pye kabann ak mèb yo nan yon bòl ki gen lwl mineral. Mete vazlin ak/oubyen tape ki kole tout otou pye mèb yo. sa prevni pou ensèk yo pa monte anwo.

KONPLETE ETAP ANWO YO NAN YON JOU.

YON LÒT ENSPEKSYON POU TYEKE SI TOUT BAGAY OK byen nesesè.

Li posib ke yo mande pou'w REPETE ETAP YO ANKÒ.

PWOPRIYETÈ

HC

*** SA POU W FÈ - 10 ETAP***

1. KONPRANN ke "Pinèz" (cimex) ki anvayi yo kòmanse avèk yon gress ensèk ki te vizite yon biling. Yon anvayisman pinèz se pa ni fòt pa w osinon fòt lokatè yo. Daprè la lwa ou rekòmande pou w kenbe pwopriyete ou posedè san nich ensèk. (MA: 105 CMR 410.550).

2. ENSPEKSYON ANVAN TRETMAN AN se trè enpòtan avan tretman. Rele komite sante nan Somerville lan nan:

617-625-6600 x 4300 pou w kòmande yon konsiltasyon, pou w konfime anvayisman an, pou asistans ak enstriksyon yo. Se sèlman yon pwofesyonèl ki gen lisans pou detwi oubyen yon Enspektè Sante ki konpetan pou konfime anvayisman an.

3. KONTAKTE LOKATÈ YO. Eliminasyon an kapab byen fèt SÈLMAN avèk patisipasyon ak preparasyon lokatè yo.

Fè ARANJMAN DAT AK TAN POU ELIMINASYON AN. Pale ak lokatè w yo epi ranje dat ak tan pou prepare eliminasyon bêt yo nan kay lan. Byen batì orè ou.

4. FOUNI ENSTRIKSYON YO pou PREPARASYON JOU ELIMINASYON SA A. Prepare yon kopi nan papye sa pou lokatè an, kòm preparasyon kay lan ap nwizib nan jou moun kap fè travay sa a pral detwi bêt yo nan kay lan. Enfòme lokatè w yo de tou sa yo sipoze fè pou prepare kay lan pou detwi bêt yo. San enfòmasyon sa yo, eliminasyon an pou kont li pap ka kòrèk pou anpeche anvayisman pinèz.

5. PRAN SAN W pou w CHWAZI yon PWOFESYONÈL.

Chwazi yon pwofesyonèl lisansye nan detwi pinèz. Li rekòmande pou yo espètize fason bêt sa yo ap detwi paske pestisid yo pou kont yo pa sifi. Yon ajan ki bon nan detwi pinèz pral genyen yon mwayen espesyal pou rezoud pwoblèm sa.

6. POZE KESYON. Sa w pral wè la yo se kesyon pou w poze ki ka ede dekouvrí kalifikasyon yon ajan ki ka detwi "pinèz" (Cimex) nan yon propriyete.

* Eske ou genyen lisans, antrènman, ak espryans nan zafè detwi "pinèz" (Cimex)?

* Konbyen tan tretman sa pral pran? (O mwen yon jou.)

* Konbyen tretman sa pral mande? (Pou elimine anpil pinèz sa pral mande plizyè tretman.).

* Eske fè preparasyon pral nesesè?

(Se nesesè pou bon jan preparasyon fèt pou yon tretman kòrèk.)

* Eske se difisil pou detwi 'pinèz'? (Wi.).

* Kilè ou pral trete kay lan? (PA 'jodia'. Se nesesè pou lokatè an jwenn tan pou preparasyon.)

* Eske ou pwokire materyèl pou prepare lokatè an pou vizit ou an?

* Eske ou pral tyeke toutotou apatman yo? (Trè kritikal)

* Eske ou rapòte w avèk enspeksyon?

(Yon pwofesyonèl ki gen espryans enspekte chak 2 semèn).

7. ANBOCHE YON AJAN KALIFYE KI GEN LISANS

ANSWIT METE LÈ POU VIZIT LAN. Enfòme lokatè yo de dat avèk lè.

8. REPETE ENSPEKSYON yo chak 2 semèn jiskaske sa rezoud.

9. REPETE TRETMAN an ak mezi pou detwi yo jiskaske pwoblèm lan rezoud nèt.

10. TOUT APATMAN KI AKOTE YO DWE ENSPEKTE TOU answit trete paske ensèk yo abite nan mi ak nan planche yo nan yon kay.

LAJAN OU DEPANSE POU TRAVAY SA W'AP KA REKLAME LI NAN TAKS OU

SA SE PA FÒT LOKATÈ W YO.

SI LOKATÈ YO ALE, PWOBLÈM LAN AP TOUJOU LA.